

# FEMA Apwouve \$51.4M Adisyonèl pou Retire Debri Siklòn Ian nan Konte Lee

Release Date: Fevriye 5, 2024

– FEMA apwouve yon lòt \$51,415,078 nan sibvansyon pou ranbouse Konte Lee pou depans nan retire debri apre siklòn Ian.

Tanpèt la kite anpil debri, sa ki lakòz yon menas pou sante ak sekirite piblik. Apeprè 2,040,625 mèt kib debri vejetatif, 1,252,193 mèt kib debri siklòn nan te koze, ak 217 tòn materyèl danjere yo te retire nan wout ak pwopriyete piblik. Anvan sa, FEMA te bay \$16,853,000 pou depans sa yo.

Pwogram Asistans Piblik FEMA a founi sibvansyon bay gouvènman eta, lokal, territoryal ak tribi yo, ak sèten òganizasyon prive san bi likratif, ki gen ladan kay adorasyon, pou kominote yo ka byen vit reponn ak retabli apre gwo katastwòf oswa ijans.

Aplikan yo travay ak FEMA pou devlope pwojè ak kad travay yo. FEMA vèse fon pou pwojè yo nan Divizyon Jesyon Ijans Florid (Florida Division of Emergency Management, FDEM) apre apwobasyon final la. Depi yon pwojè fin finase, FDEM travay kole kole ak aplikan yo pou konplete pwoesisis sibvansyon an epi kòmanse fè peman yo. FDEM gen pwo sedi anplas ki fèt pou asire sibvansyon yo bay kominote lokal yo pi vit posib.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon Florid apre Siklòn Ian, vizite [floridadisaster.org/info](http://floridadisaster.org/info) and [fema.gov/disaster/4673](https://fema.gov/disaster/4673). Swiv FEMA sou X, ansye Twitter, nan [twitter.com/femaregion4](https://twitter.com/femaregion4) ak sou [facebook.com/fema](https://facebook.com/fema).



**FEMA**

Page 1 of 1